3.- ELEEW BU JÓGE BITIM-RÉEW

Nangeen def man la Isaac amnaa fukki at ak juróom, maangi ci at mu mujjmi ci jàŋg mu warmi.

Fi ci Espaañ ci ekool yu diggdóomu yi, njàŋg mi altine la ba ajjuma mingi tambale 8:30 ba14:20.diggënte kuur ak moroom ja dinga fi noppalu juróomi minit ngir nga mënë dem sawi, booy saase kalaas nga saase kalaas.

Ci sounou ekool bi amnañ ay dëwaar mooy liñu war ak ay yelleef mooy liñu moom. Amenañu sañsañu jot ay xibaar, ak ndimbël ngir jënd furnitiir akitam burs.

Mbir yi may bëgg lim nak mooy liñgu war: baña tarde benn minit, fooŋk woxtu ak doxalinu ekool bi. Warnañu fooŋk it nit ñiñu bookkal ekool bi, moo xam jàŋgalekat bi wolla eleewbi.

Di jàŋgi bis bu jot lu am njariñla waaye boo amee ngànt dangay dem ci ndaw si wolla waajila dalaloon nga waxko lilatéyéwoon ba ñëwoo.

Xoolal man sawaruma lool ci njàŋgmi waaye dama bëgg mën bubaax informatik, te it ngir dem iniwersite dama wara jàŋg bubaax.